



Pou Piblikasyon Imedya: 08/12/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO KONPLIMANTE GAYAN KONPETISYON KOUP DIVEN 2015 GOUVÈNÈ A

*Seremoni Prim Koup Gouvènè a te fèt apre Premye vizit Taste NY Culinary ki pat  
janm fèt anvan nan Finger Lakes*

*Foto seremoni ak resepsyon an disponib [La](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gayan nan konpetisyon koup diven 2015 Gouvènè a. Nan yon seremoni prim ki te fèt jodia nan Canandaigua, Konte Ontario, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te prezante koup 2015 Gouvènè a nan Geneva, NY pou Lemberger 2011 yo a, Estate Grown. Seremoni sa a te fèt apre premye vizit Taste NY Culinary ki potko janm fèt nan Eta, sa ki bay plis pase yon douzèn chèf ak restoratè ki alatèt nan rejyon an avèk yon premye konstatasyon nan kalite ak divèsite agrikilti New York nan rejyon an.

“Endistri diven ak agrikilti New York pami sa ki pi bon nan mond lan, e lè moun yo gen yon gou de sa yo te manke, li pral sèten ke yo pral retounen pou plis,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Apati prestijye New York Wine & Food Classic pou rive jiska premye vizit Taste NY Culinary ki potko janm fèt, nap montre tout sa Empire State gen pou ofri. Mwen kontan pou m konplimante gayan yo jodia nan Koup Gouvènè a, e mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo goute kèk nan echantiyon pi bon manje ak bwason eta nou an. Ou pap desi.”

**Gouvènè Adjwen Hochul te deklare**, “Konpetisyon Koup Diven Gouvènè a plis montre angajman solid Gouvènè Cuomo pou ankouraje epi elve endistri diven enpòtan sa a nan Eta New York. Gayan jodia yo reprezante sa ki pi rafine nan New York e li pwouve

anplis deziyasyon eta nou an kòm youn nan premye rejyon diven nan mond lan se yon onè mondyal ki byen merite.”

Prim Koup Gouvènè a se yon gwo kalis annajan, rekonèt Best of Show oswa pi gwo pri apati 910 antre nan konpetisyon anyèl New York Wine & Food Classic, ki te òganize pa Fondasyon New York Wine & Grape. Anplis, Paumanok Vineyards nan North Fork Long Island te ranpòte pri Diven pou Ane a.

**Jim Trezise, Prezidan Fondasyon New York Wine & Grape te deklare,** “Nou konplimante Koup 2015 Gouvènè a ansanm avèk Gayan Diven Ane a nan New York Wine & Food Classic, ke yo konnen tankou Oska diven New York, e nou remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou sipò l nan aktivite sa ansanm avèk nan anpil lòt fason. Depi li te premye antre nan administrasyon an nan 2011, nou te pwofite de pi bon klima biznis pou rezen ak diven nan istwa Eta New York, e sa te tradwi an yon kwasans san parèy ak repitasyon toupatou pou bon jan kalite diven nou fè. Kounye a nou gen plis pase 400 etablisman diven nan 59 sou 62 Konte New York yo, epi jenere plis pase \$4.8 milya nan benefis ekonomik anyèl nan Eta New York. Sa se vrèman yon patenarya reyisi.”

Konpetisyon ane sa a gen ladan 858 diven, 20 sidr brit ak 32 bwason ki soti toupatou nan Eta. Prim yo te baze sou degistasyon avèg pa 22 jij ekspè - kat nan California, 10 nan New York, sèt nan lòt eta yo ak youn ki soti Lafrans. Jij yo te gen ladan yo ekriven enpòtan diven, restoratè, detayan ak edikatè diven. Panèl jij yo te detèmine prim inisyal la, avèk pi wo pwen pou diven ki te evalye pa tout 22 jij yo pou pi bon kategori ak prim Koup Gouvènè a.

Gouvènè a te anonse tou gayan annapre yo nan konpetisyon 2015 New York Wine & Food Classic la:

Prim “ Best of Category “ yo tout kalifye pou koup Gouvènè a se te:

- Best Sparkling Wine – Goose Watch Winery Pinot Noir Brut Rosé
- Best White Wine – Paumanok Vineyards 2014 Semi-Dry Riesling
- Best Rosé/Blush Wine – Lime Berry Winery Bunny Bunny Blush
- Best Red Wine – Ventosa Vineyards 2011 Lemberger, Estate Grown
- Best Dessert Wine – Sheldrake Point Winery 2014 Riesling Ice Wine

Prim “Best of Class” ke yo bay a doub meday dò oswa meday dò diven nan kategori omwen 10 diven, se te:

- Best Oaked Chardonnay – McCall Wines 2013 Chardonnay Reserve
- Best Unoaked Chardonnay – Glenora Wine Cellars 2014 Chardonnay
- Best Gewürztraminer – Mazza Chautauqua Cellars 2014 Gewürztraminer
- Best Dry Riesling – Dr. Konstantin Frank 2013 Dry Riesling
- Best Medium Dry Riesling – Dr. Konstantin Frank 2013 Riesling, Semi-Dry
- Best Medium Sweet Riesling – Paumanok Vineyards 2014 Semi-Dry Riesling
- Best Sweet Riesling – Glenora Wine Cellars 2014 Riesling
- Best Overall Riesling – Paumanok Vineyards 2014 Semi-Dry Riesling
- Best Sauvignon Blanc – Martha Clara Vineyards 2014 Sauvignon Blanc, Estate Reserve
- Best Pinot Gris – Dr. Konstantin Frank 2013 Pinot Gris
- Best Other Vinifera White Varietal – Inspire Moore Winery 2014 Rhythm
- Best Vinifera White Blend – Casa Larga Vineyard 2014 Chard-Riesling
- Best Traminette – Goose Watch Winery 2014 Traminette
- Best Hybrid White Blend – Tug Hill Vineyards 43° Lat White
- Best Niagara – Americana Vineyards Crystal Lake
- Best Vinifera Rosé – Kontokosta Winery 2014 Rosé
- Best Cabernet Sauvignon – Osprey’s Dominion Vineyards 2010 Cabernet Sauvignon Reserve
- Best Merlot – Harbes Vineyard 2013 Hallock Lane Merlot
- Best Pinot Noir – Martha Clara Vineyards 2013 Pinot Noir, Estate Reserve
- Best Cabernet Franc – Idol Ridge Winery 2012 Cabernet Franc
- Best Lemberger – Ventosa Vineyards 2011 Lemberger, Estate Grown
- Best Other Red Vinifera Varietal – Standing Stone Vineyards 2013 Saperavi
- Best Vinifera Red Blend – Fox Run Vineyards 2013 Cabernet Franc/Lemberger
- Best Hybrid Red Blend – Raymor Estate Cellars Sunset Red
- Best Fruit – Baldwin Vineyards Strawberry Wine
- Best Cider – Kaneb Orchards St. Lawrence Cider
- Best Spirit – Black Button Distilling Citrus Forward Gin
- Best Late Harvest – Swedish Hill Winery 2014 Late Harvest Vignoles
- Best Ice Wine – Sheldrake Point Winery 2014 Riesling Ice Wine
- Best Vinifera Sparkling White – Sparkling Pointe Vineyards & Winery 2005 Brut Seduction, Methode Champenoise

### **Premye Taste NY Culinary**

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York te dirije vizit la, vizite kat fèm ak etablisman tretman yo nan Konte Yates ak Ontario. Yo te òganize vizit la apre Somè Fèm a Tab

anwo ak anba Eta nan yon efò pou devlope relasyon biznis ant restoratè ak Kiltivatè ak pwodiktè yo, epi montre anpil opòtinite pou sous manje lokal yo. Vizit kat arè a se te Fèm Óganik Wegman Organic (fèm legim), Fèm Hemdale Farms (fèm letye), Climbing Bines (jaden oublon) ak Moulen Birkett (sarasin).

Vizit la, se te premye nan twa yo ki te fèt nan eta, te demare nan Sant Kilinè ak Diven New York nan Canandaigua e patisipan yo te vizite kat fèm ak etablisman tretman nan Konte Yates ak Ontario. Nan Fèm Óganik Wegman, restoratè yo te vizite fèm legim 5 kawotè ki grandi apeprè 25 kalite legim ak fèy, enkli tomat seriz, pwaro, bètrav, joumou, dandelyon vè, berejènn, silantro ak pèsi, pou restoran l ak plizyè episri Wegmans. Fèm lan ap efòse pou l grandi pi bon varyete diven epi pwolonje sezon kwasans, fè fèm lokal yo vini pi dirab eknomikman. Gwoup la te vizite tou Fèm Hemdale, ki te ouvè etablisman machinri letye l pandan plis pase mwatye yon syèk e jodia li te devlope an yon etablisman 11,000 bèf, operasyon letye 21<sup>yèm</sup> syèk. Fèm nan itilize 19 sistèm robo lèt otomatik e li pwodui 80,000 liv, oswa plis pase 9,000 galon lèt chak jou.

Vizit la te kontinye nan Penn Yan e yo te vizite Fèm Oublon Climbing Bines, yon plantasyon 1.5 kawotè ki gen ladan varyete plant ak preske 1,500 mòn. Fèm nan dedye nan kilti fantastik oublon nan Eta New York pou endistri brasri lokal ak odela. Nan dènye arè a, patisipan yo te vizite Moulen Birkett, youn nan pi gwo fabrikan pwodui sarasen nan mond lan. Moulen an gen plis pase 200 ane eksperyan nan sarasen, ble mou blan, ak grenn ke yo abitye moulen. Pandan tout ane a, yo te ekspedye pwodui fini yo nan Etazini, Canada ak Lwès Ewòp.

**Komisyonè Eta Richard A. Ball te deklare**, “Jodia se te yon gwo selebrasyon nan endistri agrikòl nou an kap pwospere. Kiltivatè ak pwodiktè nou yo gen anpil pou yo ofri epi kontinye alatèt pwodui sa yo ki resevwa prim. Mwen remèsye Gouvènè a akoz angajman kontinyèl li pou entwodui pwodui agrikòl nou yo nan nouvo odyans epi ogmante kantite nouvo biznis agrikilti nan eta.”

**Prezidan & PDG Empire State Development Howard Zemsky te deklare**, “Endistri Bwason New York kap ogmante se yon bon egzanp sou angajman Gouvènè Cuomo pou kreye travay epi grandi ekonomi eta. Grasa vizit kilinè ak diven, sibvansyon pou bwason atizanal ak finansman eta, nap konekte Nouyòkè yo avèk bwason ak manje lokal, ankouraje antrepriz epi sipòte kwasans ti biznis yo nan tout eta.”

**Stency Wegman, Ko-Pwopriyetè Fèm Óganik Wegmans te deklare**, “Nan Wegmans nou gen yon pasyon pou ede moun yo viv pi ansante, pi bon kalite lavi, e kliyan nou yo mande pou pwodui ki grandi rejyonalman. Nap travay an pèmanas avèk patnè kiltivatè nou yo pou devlope pi bon varyete degistasyon epi pwolonje sezon kwasans yo, fè fèm

òganik lokal yo vin pi dirab. Óganik, lokal ak bon gou; li pa kapab pi bon pase sa!”

**Dale Hemminger, Prezidan ak Pwopriyetè Hemdale Farms te deklare,** “Hemdale Farms pran gwo fyète nan bon jan kalite pwodui New York grasa teknik agrikilti modèn ak yon angajman pou nou vin bon gadyen tè ak elvaj nou yo. Mwen kontan dèske mwen te patisipe nan vizit sa ki pral ede pwodiktè lokal yo, tankou Fèm Hemdale, konekte avèk nouvo opòtinite biznis.”

**Chris Hansen, Pwopriyetè Climbing Bines Craft Ale & Hop Farm te deklare,** “Kounye a nan sizyèm sezon pwodiksyon nan Climbing Bines, Mwen te kontan pou m montre fèm oublon nou an a kominote agrikòl la. Nou se yon vrè “Fèm a Vè” brasri e se misyon nou pou apwovizyone engredyen ki soti Eta New York.”

**Jeff Gifford, Prezidan ak PDG Moulen Birkett Mills te deklare,** “Nou se youn nan pi ansyen moulen nan Etazini e youn nan pi ansyen, kap kontinye opere biznis nan Etazini, ki te ouvè depi 1797. Se te yon lonè pou m monte zanmi ak kòlèg nou yo ki fè pati de endistri agrikilti New York kap pwospere kijan nou fonksyone nan Moulen Birkett.”

Yo planifye de lòt vizit kilinè adisyonèl nan semèn kap vini yo. Yo pral fè yon vizit nan Long Island nan fen mwa sa a ak nan Hudson Valley an oktòb.

### **Diven Enthusiast: Gid Entèn pou New York Wine Country**

Nan 2014, Jounal Enthusiast te nome Eta New York kòm “Rejyon Diven pou Ane a”. Nan mwa mas ane sa a, Jim Trezise, prezidan New York Wine ak Fondasyon Grape te aksepte prim nan 15<sup>yèm</sup> Wine Star Anyèl nan Vil New York.

Pou bati sou elan rekonesans sa, New York Wine ak Grape Foundation ak Jounal Wine Enthusiast te pwodui Gid Enteryè *pou New York Wine Country*. Preske 200,000 abone Wine Enthusiast pral resevwa gid la nan mwa septanm. Pwojè sa a te posib grasa yon sibvansyon pwomosyon Komèsyalizasyon Bwason Atizanal \$250,000 ke yo te atribye a New York Wine ak Grape Foundation pa Empire State Development.

Governor Cuomo te lanse pwogram Sibvansyon Bwason Atizanal nan 2014 pou plis devlope endistri bwason an epi brake pwojektè sou pwodiktè bwason New York yo. Sibvansyon Bwason Atizanal gen ladan yon sibvansyon \$2 milyon Pwomosyon ak Maketing Bwason Atizanal avèk finansman jiska \$500,000, ak yon sibvansyon \$1 milyon Pwomosyon ak Maketing Bwason Atizanal avèk finansman jiska \$250,000, yo toulède disponib nan soumèt yon Aplikasyon Finansman Konsolide (CFA). Pou aprann

plis sou pwogram sibvansyon an, [klike la](#).

Depi lè Gouvènè Cuomo te pran fonksyon, li te travay pou sipòte ak devlope endistri sa a, ki se yon motè prensipal kreyasyon djòb ak devlopman ekonomik nan kominote yo ki toupatou nan eta a. Nan kad de somè reyisi Diven, Byè, Bwason ak Sidr, Eta New York te enplemanse lansman inisyativ epi adopte lejislasyon pou sipòte ak devlope endistri bwason ak agrikilti.

Kounye a, New York se kay prèske 850 antrepriz pwodiksyon diven, brasri, distilri ak sidri. Eta klase twazyèm nan peyi a nan pwodiksyon diven ak rezen, dezyèm nan pwodiksyon pòm, gen dezyèm plis distilri e li se kay twa nan 20 pi gwo pwodiksyon brasri nan Etazini. Endistri byè, diven, bwason ak sidr New York kontinye pou l genyen yon enpak fòmèdab nan ekonomi Eta. Ant manifakti, agrikilti, distribisyon ak lavant andetay, nan 2012 endistri a te konbine yon enpak ekonomik plis pase \$27 milya e li te anplwaye plis pase 85,000 moun, (National Beer Wholesalers Association; New York Wine & Grape Foundation).

Daprè yon resan etid ki te patwone pa Fondasyon New York Wine and Grape, enpak ekonomik konplè rezen New York, ji rezen, ak diven nan ane 2012 te \$4.8 bilyon dola pou eta New York.

Depi 2011, kantite diven agrikòl yo te ogmante pa 60 pousan, kòmanse 195 a 300 jodia. Anplis, kantite fèm diven ki te ouvè lòt branch biwo, otorize pa lwa Gouvènè Cuomo te siyen nan 2011, te ogmante de 121 pousan, de 29 a 64, e kantite etablisman diven yo te ogmante tou de 52 nan 2011 a 83 jodia, pou yon total 60 pousan kwasans.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418